No. 1. 2 Januari 1931 Taoen 11.

RAGAD ADVERTENTIE:
1 katja . . . . . . . . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . . . . . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . . . . . . . . . f 9,75.
1/8 „ . . . . . . . . . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA:
1 taoen . . . . f 6,—
1/2 „ . . . . . f 3,— } njoewoen kabajar roemijin.
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

**ISINIPOEN:**

Ngatoeraken poedji kasoegengan — Poetoesan prakawis P. N. I. — Congres P. P. I. I. III Soerabaja — Djaman banjak bitjara enz. — Congres Onderwijs Boedi Oetama — Goentingan Pers — Alal bahalal — K. W. Moentilan — P. M. K. ing Klatèn — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap sari Correspondentie

### NGATOERAKEN POEDJI KASOEGENGAN.

ing wiwitaning taoen énggal poenika: **1931.**

*Redaksi lan Administrasi.*

### WARA - WARA PENTING!

Para Goeroe Doesoen gebenganipoen „Canisius" kénging dados lengganan Swara-Tama namoeng kanti mbajar f. 4,- - - sataoenipoen, oet f. 1,- - - sa-kwartalipoen. Ingkang dipoentampi namoeng ingkang loemantar „Canisius". Kadjawi poenika wonten éwah-éwahan sekedik bab pambajaring lengganan lan ragading advertentie. *Moegi* mriksanana ing sesirahing „Sw. Tm.".

Administrasi Sw. Tm.

# POETOESAN PRAKAWIS P. N. I.

### KALA 22 DÉSÈMBER 1930.

Sinten tijang ingkang boten mangertos? Sinten tijang ingkang boten mireng? Bilih salebetipoen pinten-pinten woelan Landraad ing Bandoeng mriksa prakawisipoen babantèng P. N. I., gandèng kalijan glédahan P. N. I. kala akiripoen woelan Désèmber taoen 1929?

Landraad ing Bandoeng kala 22 Désèmber '30 sampoen amoetoesi prakawisipoen gégémbong P. N. I. waoe, kados ing ngandap poenika:
*Ir. Soekarna*, kaoekoem 4 taoen.
*Gatot Mangkoedipradja*, 2 taoen.
*Maskoen* 1 taoen 8 woelan.
*Soepriadinata* 1 taoen 3 woelan.
Sadaja poenika dipoenlongi wekdal salebetipoen katahan.

Makaten oengeling poetoesan. Kawartos sadaja sami apèl.

Kados - poendi nalar - nalaripoen déné Landraad Bandoeng amoetoes makaten?

Manoet oengelipoen serat - serat kabar, katjarijos wosipoen kémawon kados ing ngandap poenika:

1. Manoet katranganipoen dakwa-dakwa, P.N.I. badé angoedi kamardikanipoen tanah ngriki ingkang kanti sampoerna, i. p. kamardikanipoen tanah ingkang manoet grondwet art. I sadaja dados djadjahan nagari Walandi lan kabawah ing pangawasanipoen karadjan Walandi.

2. Kamardikan poenika, manoet idam - idamanipoen P. N. I. saweg nama kagajoeh saèstoe, manawi tanah Indonesia sampoen kabawah papréntahan kabangsan, boten goemantoeng ing pangawasanipoen bangsa poenapa kémawon. Tegesipoen: papréntahan ingkang nganggé pangoewasa pijambak, kabawah lan kapréntah bestuur Indonesiër pijambak, boten katjampoeran pangawasa sanès ingkang saged njoewara wonten papréntahan waoe, inggih saking sinten kémawon, kalebet oegi nagari Walandi. Nitik poenika, dados tétéla bilih gagajoehanipoen P. N. I. badé angitjali babar pisan papréntahan ingkang absah ingkang sapoenika wonten ing Indija Nederland.

3. Kalanipoen dakwa - dakwa dipoenpitakèni, „saoepami paréntah sapoenika kekah boten nglilakaken kamardikanipoen Indonesia, kados-poendi tjara oet. pamboedidajanipoen P.N.I. sagedipoen kagajoeh idam - idamanipoen: tanah ngriki mardika," soeka katrangan wonten sangadjenging pradata, bilih prakawis poenika dèrèng dipoenmanah. Saladjengipoen dakwa-dakwa waoe sami asesèndèn angen-angen ingkang boten goematok. Dados tétéla dakwa - dakwa boten poeroen ambalakakaken ihtijar ingkang kanggé anggajoeh kamardikanipoen Indonesia. Manoet katrangan-katranganipoen, anggènipoen anggajoeh waoe mawi tjara katentreman, angemohi sadaja tindak roda pari paksa.

4. Sasambetanipoen P. I., P. K. I. kalijan P.N.I. Malah P.N.I. poenika kénging kaanggep péranganipoen P. I.

Makaten ringkesanipoen nalar-nalar ingkang andjalari pradata Bandoeng amoetoes matrapi paoekoeman semanten dateng dakwa ing nginggil.

Koela boten badé amantjahi poetoesaning pradata ing Bandoeng. Éwadéné kamanoengsan saha kabangsan koela saèstoe langkoeng seneng manawi sadaja waoe sami loewar babar pisan.

Salebetipoen wonten pepriksan P. N. I., wonten prakawis ingkang pantes koela tjatet ing ngriki. Inggih poenika anggènipoen Ir. Soekarna awatak prawira, kendel, blaka soeta boten tèdèng aling². Pantjèn moenggoeh dipoenseboeta babantèngipoen P. N. I. Nanging inggih wonten ingkang anglorodaken daradjad pergerakan, inggih poenika wangsoelanipoen panoentoen alit-alit ingkang boten pana dateng pakempalanipoen. Ingkang makaten waoe pantjèn inggih amoetawatosi.

Ing nginggil poenika dadosa katja benggalanipoen para ingkang dados panoentoen: ingkang tatag kados Ir. Soekarna, jèn mila sampoen nglenggahi ingkang leres! Sampoen ngantos ngoetjira kados para *leidertjes*.

Sadèrèk! Angembat politik poenika pantjèn gawat. Katah bébégalanipoen wonten margi. Katah erinipoen; katah soedjènipoen!

Mangga oepami pandjenengan satitèkaken sebab - sebab no. 1, 2, 3 ingkang andjalari pradata Bandoeng andawahaken poetoesan kados ing nginggil.

Poenika mila saged noewoehaken gagasan warni-warni: „bokmanawa arep mengkéné; bokmanawa ija arep mengkéné oega; bokmanawa, bokmanawa, bokmanawa, b.m., b.m., lsp. Tjekak: sakatahing gagasan, ingkang mawi *bokmanawa*. Gagasan ingkang moeroegaken kirang sakétja anggènipoen toemindak!

Namoeng kémawon ingkang sampoen *temtoe:*

Sanadjan badé dipoenpoenapak-poenapakna pisan, greget kita anggajoeh kamardikan boten saged *dibikin mampoes*.

Kita kedah anggajoeh kamardikanipoen tanah kita. Lan, manoet piwoelang Katoelik panggajoeh kita kedah ngambah margi leres. Boten kénging sarana adamel tindak roda pari paksa. Lan kamardikan waoe sampoen ingkang andrawasi.

Toer, oeger Nederland poeroen angenggèni dadasar Kristen, Christelijke beginselen, pantjèn *kedah angoeloengaken* Indonesia dateng *ingkang gadah*. Dasar *sampoen pantesipoen!*

*A. S. D.*

# CONGRES P.P.I.I. III SOERABAJA.

*Saking oetoesan „Wanita Katholiek" Solo.*

**Setoe sonten 13, 14 Dec. 1930.**

Congres manggèn ing Studieclub Boeboetan (Soerabaja). Wakiling pakempalan pepak sanget, W. K. Solo boten kantoen. Wakiling pers andèr; Swara-Tama lan Soeara Katholiek boten kantoen.

Kinten-kinten djam 8½. Congres kabikak ing Mevr, Soedirman, Voorzitster Com. ladjeng kapasrahaken dateng Mevr. Soekanta, Voorzitster P. P. I. I.

Nalika oetoesan Wanita-Oetama sampoen ngandika tindak dateng Voorzitster lan soeka oeroen kanggé sangoe Lahore f 20. Sasampoenipoen Voorzitster ngandika dateng oetoesan-oetoesan lan para ingkang lenggah ing rikoe kinten-kinten djam setengah satoenggal daloe parepatan katoetoep kanti wiloedjeng lan kasarengan oengeling muziek „Indonesia Raja" ingkang sadaja tamoe kakoeng poetri oegi menjanji lagoe poenika.

—

**Akat. Par. openbaar P. P. I. I. manggèn ing Stadstuin Theater 14 - 12 - '30.**

Wakil-wakil pakempalan lan pers langkoeng katah tinimbang wingi.

Kinten-kinten djam 9 Voorzitster mbikak parepatan lan soeka wiloedjeng dateng ingkang sami rawoeh, lan ngandika P. P. I. I. anggènipoen njamboet damel 2 t. kanti wiloedjeng lan saged noeloengi sad. èstri ingkang sami nandang sangsara. Sasampoenipoen Pangarsa ngandika tjekak waoe, panitra ngandikakaken wontenipoen P. P. I. I. ing dalem 2 taoen Kawontenanipoen sampoen langkoeng saé lan taoen ingkang kapengker. Temtoenipoen bab warga wonten ingkang medal saking P. P. I. I. nanging oegi wonten ingkang mlebet. Ingkang mlebet wonten warga 5, lan wonten sawatawis ingkang medal, déné sapoenika lidipoen 29. P. P. I. I. sampoen jasa C. P. P. A. (Commité Pembrantasan Perdagangan Anak-anak) ingkang toedjoenipoen nanggoelang dateng wontenipoen laré èstri dipoensadé, ingkang sapoenika gantos nama P.[4] A. (Perkoempoelan Pembasmian Perdagangan Perempoean dan Anak-anak). Poenika asilipoen sampoen ketingal. Malah sapoenika pakempalan poenika sampoen madeg ing 3 panggénan: Ngajodja, Jacatra lan Sala nembé poenika. P. P. I. I. sampoen jasa fonds ingkang toedjoenipoen njokong laré-laré ingkang badé neroesaken pasinaoenipoen ingkang kekirangan. Fonds waoe nama Seri-Derma.

Woelan April 1930 P. P. I. I. tampi sedahan saking India, ingkang noedjoe ngadjak datengipoen oetoesan ing India poenika perloe toemoet nenggani Congres Lahore poenika. Ingkang poenika P. P. I. I. inggih ngréka - daja sagedipoen kalampahan P. P. I. I. ngintoenaken wakil sadèrèk kita èstri satanah Indonesia. Sapoenikanipoen sampoen kapoetoes saèstoe bilih saking sawoeng 4, inggih poenika: Mevr. Santosa, Mevr. Soedirman, Juffr. Sitisoendari lan Juffr. Soenarjati. Wasana pangroekti-arta ladjeng ngandaraken kawontenanipoen artanipoen.

Sesorah sadèrèk Soejatin bab: Pergerakan Poeteri. Spreekster ngandaraken bilih tijang èstri poenika kedah ngertos dateng kawanitanipoen lan kamadjenganipoen poenika sampoen pisan - pisan kok badé njamèni tijang djaler, nanging namoeng badé ndjoendjoeng dradjading para wanina. Kadjawi poenika, oegi soeka soemerep, bilih sadèrèk wanita ingkang boten toemoet kempalan poenika sampoen kok ladjeng ngolok-olok oetawi mojoki, awit manawi makaten boten soemerep bilih ingkang dipoenawon-awon poenika badanipoen pijambak oe i. Manawi tijang ingkang ngertos lan badé ngadjengaken temtoe boten wegah nandangi, mbantoe, ngagengaken pakempalan. Salebetipoen ngaso bis ingkang kaideraken kanggé Lahore angsal f 81 langkoeng.

*Sesorahipoen Ki Adjar - Déwantara.*

Pandjenenganipoen kapatah déning Congresbestuur sesorah bab: „Pangadjaran toemrap laré laré èstri." Soeraosing sesorah katjekak:

Panggoela - wentahing laré èstri poenika langkoeng preloe lan kedah kapentingaken tinimbang panggoela-wentahing laré-laré djaler.

Kepentinganing panggoela - wentahing laré-laré èstri poenika boten namoeng ingkang kasar-kasar, nanging panggoela - wentah ingkang poenapa kémawon, ingkang tembénipoen saged dados laré ingkang poeroen njamboet damel sajektos kanggé tanah kita.

Djaman sapoenika saweg kénging kawastanan „Tjinta sampai boeta kepada Europa. Kita tiroe sahadja apa-apa, meskipoen baik maoepoen tidak asal datang dari Europa. Kebanjakan mendjadi maloe, kalau tidak dapat hidoep tjara Europa."

Mangka poenika sadjatosipoen malah „menghina bangsa." Saking ladjeng kirang ngertosipoen poenika poenapa - poenapa ladjeng katingal saé, oeger gagrag saking Europa. Poenapa inggih manawi barang Europa poenika sadaja saé? Pangadjaran kita, soepados sampoen ngantos nilar adat kita ingkang saé, perloe ngojak tjara énggal ingkang bokmanawi dèrèng kantenan saénipoen. Bab pangadjaran poenika toemrap satoenggal - toenggaling laré béda énggal toemandjemipoen. Oepami anakipoen pak ndoesoen kalijan anak dokter temtoenipoen inggih énggal ingkang toeroen dokter sagedipoen tinimbang kalijan anak tijang ndoesoen.

Kadjawi poenika boten roedjoek bilih laré djaler + èstri sinaoenipoen tansah tjampoer doemoegi ageng. Jèn sampoen oemoer 15 taoen minggah wontena pisahan, awit laré waoe saweg ngantjik wekdal ingkang mbebajani.

Kinten-kinten djam 12 parepatan katoetoep.

—

Bakda vergadering, mèh sadaja dateng tjalon gedong enggal Nationaal, perloe mirsani, déné warga pangrèh dalah para oetoesan sadaja kasoewoen soepados kersaa nglépa plaat marmer ingkang katèmplèkaken ing salah satoenggiling paal ngiras kanggé pangènget-ènget.

**Senèn sonten** 15,16 - 12 - '30.

Parepatan oemoem wonten ing Stadstuin Theater, kawiwitan djam 8. Verslag redactie, sasampoenipoen pangarsa soeka wiloedjeng dateng sadaja ingkang rawoeh.

*Mevr. Soeparta* ngandaraken kawontenanipoen tijang - tijang èstri ingkang sampoen nama madjeng saèstoe ladjeng mendet toelada-toelada, Mesir, Kairo, Djepang, Tiongkok lan sp. Tanah Djepang saged mardika, ingkang mréntah Keizerin Jengo. Wonten ing rika tijang èstri panjamboet damelipoen sampoen sami kalijan tijang djaler. Sampoen wonten ingkang mentingaken onderwijs lan pers.

Mila sadèrèk Indonesia ngriki sageda sami noetoeti toelada-toelada kaseboet nginggil!

*Sesorahipoen Dr. Soetomo.*

„Nationalist ingkang sémahipoen sanès bangsa poenika intelectueel gadoengan" poenika tetemboengan ingkang kapireng déning spreker.

## GOENTINGAN PERS.

**Indo kedesoek.**

Djaman malaise! Mlinderipoen saja karaos. Katah sanget tijang *pringisan*. Wétan, Kilèn, Kidoel, Lèr sami angles. Sami ramé angrembag angèlipoen pados pandamelan. Sami desoek-desoekan wonten peken-pakarjan.

Golongan Indo! Ingkang *témpo doeloe* adjegan kanggé baoenipoen wonten kantor-kantor goepermèn lan onderneming. Sapoenika roemaos *kedesoek* Inlander. Awit, manoet ngakenipoen prof. Kielstra, samangké sampoen katah Inlander pinter, andjlagedag! Eh, si . . . Inlander *ora ngoeman-oemani!* Mila, *Snipperaaripoen* Alg. Handelsblad lan Midden-Java, ladjeng njoekani resèp kantjanipoen makaten soeraosipoen:

> Nèk Indo arep ngenggoni enggoné dadi Europeaan, dadi Nederlander, koedoe anggedèkaké a c t i v i t e i t, l o e w i h g e d é tinimbang saprana - sapréné . : . . . Kedjaba koewi koedoe adja moeng ngintjeng k a n t o r a n goepermèn baé. Oeripé koedoe sing p a s a d j a, bisaa ngendalèni awaké déwé. Tjatjadé Indo-Europeaan sing gedé: o r a p a t i n g e r t i r e g a n é d o e w i t ! O r a b i s a n g r e g a n i d o e w i t !

Koela poen Prendjak Mataram; ingkang kadjibah damel *goentingan-pers*. Mireng swanten poenika lintjek-lintjek mèsem. Lan, resèp waoe, *leres!* Mila ladjeng koela soekakaken bangsa koela pijambak.

Wonten peken-pakarjan pantjèn adilipoen boten soesah mawi mawang pakoelitan. Sinten pinter, tjakep, poenika ingkang kanggé. *Sami diplomanipoen, inggih samia anggènipoen ngregèni!*

Mangga *balapan pinter* kalijan *bangsa poenapa kémawon!* Sampoen ngantos kita dipoenétjé mawi temboengipoen Snipperaar: „*Europeaan is naar karakter en wereldbeschouwing de meerdere van den Inlander!*" Wosipoen: „Inlander koewi dradjadé moeng dadi batoeré bangsa koelit poetih!"

*Prendjak Mataram.*

---

Wasana pados toelada sawatawis oepami R. Patah lan sanèsipoen ingkang garwa sanès bangsa, poenapa poenika intelectueel gadoengan manawi sadaja badanipoen kapasrahaken iboe Indonésia.

Spreker ngandika bilih badé ngritik, wonten papanipoen oepami s.k. Djenggala." Kadjawi poenika spreker nerang - nerangaken bab kawontenanipoen laré - laré kita, wiwit baji kanti tjeta lan mawi gambaran, kanggé nggamblangaken ingkang sami mirengaken.

Spreker *boten tjotjog sanget* manawi wonten kaoem iboe ingkang boten poeroen nesepi anakipoen, namoeng margi badé t j e k i kémawon. Kéngingipoen ngedot baji, manawi saking pamrajoginipoen dokter.

Boten tjotjog oegi dateng kaoem iboe ingkang tansah métani tjatjading bangsa sanès; aloewoeng niroewa dateng poenapa ingkang saé lan njamboet damela teroes moerih sageda angsal damel, awit ing golongan kita pijambak katah laré ingkang oegi damelipoen njlèwèng.

Dados boten soesah kita natjad lan mojoki bangsa sanès, langkoeng saé nandangi padamelaaipoen pijambak, ngadjengaken bangsanipoen pijambak kanti sengkoet lan kendel.

*Sesorahipoen oetoesan saking Asijah Mataram bab „Karoekoenan" (bersatoe).*

Kita, sadaja titahipoen Goesti Allah poenika kedah ngertos dateng bangsanipoen. Boten prajogi sadèrèk bilih wonten sadèrèk ingkang sengit-sinengitan kalijan bangsanipoen pijambak, pojok - pojokan lsp. Djaman sapoenika djaman persatoean, dados manawi wonten sadèrèk nindakaken poenapa ingkang boten roedjoek kalijan pamanggihipoen pijambak, sasaged - saged kagaliha roemijin, sampoen ngantos ngawon - awon langkoeng - langkoeng ngemot won-

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

### K. W. Semarang.

Kanggé moeljakaken wijosan Dalem Sang Paneboes, ing Semarang kawontenaken riaja among soeka déning Comité kabantoe K. W. Lid Comité:

Voorzitter R. M. F. Sasraningrat.
Secr. M. J. Adisoewignja.
Penn. C. Soedjana.
Comm. S. Nataredjasa.
A. Djoeprinitihardja.
V. Martawirjana.
F. Sapardal.

Sanadjan anggènipoen tjetjawis wekdalipoen sekedik sanget (6 dinten) éwasemanten riaja saged regeng nglangkoengi taoen kapengker,

Riaja manggèn ing pastorie Randoesari. Tapoeking riaja dawah dinten Kemis djam 2.30 daloe (bakda mis) bjar-bjaran doemoegi éndjing djam 6. ladjeng sinamboeng riaja riaja sijang djam 10. 15—djam 1.

Riaja daloe:

Karawoehan prijantoen kakoeng poetri±50 salebeting pinarakan sinambi mirengaken gramaphone; para moeda sami ngwontenaken stoeledans lan ringspel ngoebengi kampvuur binaroeng ing strijkorkest: djam 6 éndjing bibaran.

Riaja sijang:

Ingkang rawoeh prijantoen kakoeng poetri 115, Djam 10.15 riaja kabikak déning voorz, Comité, mawi sesorah bab toedjoening alal bahalal-; poengkasaning sesorah sinamboeng keplok soerak ambata roeboeh ambal ping 3 woesana jazz band ladjeng katarik lagoe „Indonesia Raja" muziek stop ladjeng Voorz K. W. sesorah bab wontenipoen riaja sagedipoen regeng. Salebeting sami pinarakan sinambi mirengaken swantening jazz band, para moeda (jongelingen) sami ngwontenaken stoeledans. ringspel, djamoeran tjara landi mawi zang dipoensarengi jazz band, (soembangan saking pakempalan „The Exelsior band" ing Randoesari). Kanggé mewahi ramé-ramé dipoenwonteni loterij barang warniwarni; wonten ingkang angsal: inktkoker, handdoek, angkrèk, pistoel lss, Ing salebeting ngedoem prijs, keplok sarta soerak boten wonten kendatipoen adamel agenging manah.

The Exelsior band oegi nglahiraken genging manah sarta memoedji „hidoeplah K, W," Djam 1.15 sijang sami bibaran, minangka panoetoep, ladjeng sami menjanji „Indonesia raja" binaroeng ing muziek,

Para sadèrèk, saking panjoewoen kita katholieken, moegi-moegi riaja wijosan Dalem poenika sageda loemintoe ing saben taoenipoen,

*M. J. Ad.*

### K. W. Moentilan.

Nalika dinten malem Djoemoewah (11-12 '30), ngawontenaken „leden - vergadering", manggèn ing K. W. gebouw-Kebonsari.

Ingkang karembag:

1. maos notulen
2. pakabaran
3. statuten „Trijasa"
4. pista Désèmberan
5. bijeenkomst
6. pitakènan.

Angsal-angsalaning rembag ingkang perloe-perloe.

I. Notulen — kepanggih absah.

II. Pakabaran:

1. Maos serat saking pandjenenganipoen Rama Soekiman-Prawira-Pratama S. J., ingkang wosipoen sanget kakenan ing galih saha sanget neda-nrima dateng para sadèrèk Moentilan, déné sampoen nampi kanti gambiraning manah.
2. Maos serat saking Graf. Comité Soerakarta — ingkang wosipoen adjak-adjak lan njoewoen dana — kanggé moeljakaken pasaréjanipoen Rama P. J. Hoevenaars swargi. „Poetoesan," para sadèrèk sami „sagah", woelan Januari '31, Penningmeester badé nariki dana, jèn sampoen nglempak ladjeng badé kakintoenaken dateng G. C. Solo.
3. Ngoendangaken oelem saking P. P. K. D. — para warga kaatoeraken merlokaken rawoeh dateng, Openbare-vergadering, ingkang sedijanipoen „mrotes" dateng oesoelipoen H. I. O. Commissie. K. W. inggih ladjeng matah sadèrèk secretaris, dados oetoesan.
4. Ngèmoetaken, soepados sadèrèk Katholiek kerepa njoewoen sembahjang „Mis-Soetji" kanggé ing sadaja kabetahan.
5. Ngadjak dateng para warga — ngintoen para leloewoer ing salebetipoen woelan November — sabab poenika sampoen dados adatipoen sadèrèk Katholiek ing sadjagad.

III. Prekawis statuten „Trijasa", K. W. Moentilan roedjoek.

IV. Rèhning dinten ageng Wijosan Dalem Sang Christus, poenika njata dinten ageng saèstoe toemrap kita bangsa Katholiek, mila sampoen samestinipoen kamoeljakaken, boten namoeng bebatosan tok, nanging ing lahir oegi dipoenwoedjoedi — Pinanggihing rembag pista kadawahaken tanggal 25- sijang bakda Mis Soetji djam 8.

V. Bab bijeenkomst — katjaboet — badé karembag sadjawining K. W.

VI. Bab oesoel — soepados K. W. ngwontenaken Katholieke-dag badé karembag.

Wasana djam 8.45. rembag sampoen rampoeng, ladjeng katoetoep kanti ngloehoeraken asma Dalem.

Sec. K. W. DIRDJO.

### P. M. K. ing Klatèn.

Ing Klatèn tambah pakempalan P. M. K. (Pakempalan Moeda Katholiek). *) Madegipoen tanggal 25 December 1930. Woedjoeding pangrèh:

Voorzitter sadèrèk Daldjana (Klatèn).
Secretaris sadèrèk Soedarma (Wedi).
Penningmeester sadèrèk Dwidjahandaja (Klatèn).

Rèhning warga saweg sakedik sadèrèk sanès sami dados Commissarissen. Contributie sawoelan 10 sèn, manawi wonten kapreloean kikiranganing wragad kasanggi para warga.

Ingkang sampoen dipoentandangi toneel.

Tjita-tjita: ngawontenaken muziek club lan bal-balan.

Klatèn 29 - 12 - 30.

P. WARDAJA.

*) Kénging poenapa boten nama M. K. kémawon? *Red.*

---

ten serat kabar. Manawi makaten boten badé wonten persatoean. Sapoenika samia nggadahana raos manoenggil, manoenggil bangsa, dados sampoen maèloe dateng tijang oetawi agaminipoen, kados wonten bebasan: *„Eendracht maakt macht, tweedracht breekt kracht."*

*Sesorah oetoesan saking Wanita Katholiek afd. Solo, „Meisjesonderwijs."*

Tanah Indonesia saged madjeng, manawi katah kaoem iboe ingkang pinter ingkang ngertos wadjibipoen. Déné sagedipoen katah kaoem iboe pinter, manawi ing tanah Indonesia wonten pamoelangan èstri njekapi. Mila spreekster ngadjeng-adjeng sanget dateng katahipoen pamoelangan èstri.

Spreekster boten roedjoek wontenipoen sekolahan tjampoeran, wontenipoen *Coëducatiestelsel.* Langkoeng prajogi woelanganipoen ing nalika sekolahipoen poenika kalarasna kalijan tjalon koewadjibanipoen ing tembé jèn sampoen doemoegi titimangsanipoen.

Kadjawi poenika oegi ngadjeng-adjeng dateng pakempalan-pakempalan ingkang poeroen ngadjengaken kaoem iboe, sami kersaa jasa pamoelangan èstri, awit poenika oegi nama ngadjengaken bangsa.

Pakempalan kita, inggih poenika pakempalan *Melania*. Pakempalan poenika jasa pamoelangan èstri, ingkang goeroenipoen oegi èstri, lan woelangan sadaja tjalon kaetjakaken ing tembé wingkingipoen lan toedjoenipoen ngadjengaken laré-laré èstri ingkang tijang sepoehipoen boten soegih. Sapoenika saben pakempalan sampoen kénging njoewoen palilah ngedegaken sekolahan èstri, nanging kedah ngèngeti: 1. Ing panggénan ageng lan ramé, kéngingipoen ladjeng nama: „6 jarige Inlandsche Meisjes Standaardschool."

**Slasa éndjing 16 - 12 - '30** kinten-kinten djam $^{1}/_{2}$ 9 excursie moebeng kita lan ngampiri internaat-internaat Vrouwen Tehuis, Kebonradja, plaboehan ngantos doemoegi djam 3 sijang.

**Slasa sonten 16, 17-12-'30 djam 7** ing Stadstuin Theater sampoen kebak tijang ningali toneel.

I. *Pambikakan* déning Mevr. Soedirman.

II. *Panembrama* (moerid-moerid èstri) wonten 2 larik; ngadjeng ra soekan petak, wingking idjem, mratandani kebangsan. Sekaripoen boten koetjiwa.

III. *Tableau.* Widadari katah šami njepengi poelo-poelo Indonesia, kagandèng déning slingers. Boten dangoe padvinder djaler lan èstri njoekani saluut. Pandoe èstri 1 lan Pandoe djaler 1 moeroegi wanita ing tengah-tengah ing poelo-poelo waoe nganti anak 1. Pandoe èstri kasoekanan pantoen 1 gèdèng, pandoe djaler doewoeng. Kineplokan ramé sanget.

IV. Moesik lan piano oegi ngedali.

V. Sadèrèk sawatawis Ina Toeni sami njepengi tangsoel mawarni-warni roepinipoen, ladjeng oebeng-oebengan slinditan, wasana tangsoèl ladjeng kaplintir dados satoenggal, mratandani: „bersatoelah!"

VI. Menjanji poenapa ingkang dados azasipoen P. P. I. I.

17, 18 - 12 - 30 Rebo sonten djam -8 Congres diner ing Studieclub.

# E C O N O M I E.

Djangan banjak bitjara, tidak ada boeahnja; tetapi jang perloe: sedikit bitjara tetapi banjak kerdja (boeahnja). Poenika oengel-oengelan temboeng Mlajoe.

Noewoen para maos, saja dangoe, ing djagad Djawi ngriki saja tambah-tambah bab prakawis katjingkranganing tijang-tijang. Ingkang poenika, oegi boten nggoemoenaken bilih ing ngriki, tetijangipoen inggih saja nggregoet, nedya njaèni dateng panggesanganipoen. Ngantos mèh sadaja papan, wonten reroekoenan, ingkang toendonipoen badé njaèni panggesanganipoen.

Ing ngriki, koela badé ngandaraken (satengah mamèraken), ing re-


VAN LITH-STICHTING

Jejasan
ingkang toemoet
andjagi gotrah
Katholiek sadaja.

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.


gentsch. padoenoengan koela. Ingatasing reg. K. a. poenika alit, éwasamanten, gijating tijang boemi dateng prakawis kagemèn boten ngoetjiwani; kaboekti, ing salebeting reg. kaseboet, mradjak toekoeling coöperatie, kados widji randoe kadawahan ing djawah. Déné panggelaripoen warni-warni, wonten ingkang: Verbruikscoöperatie, Cridiet C. lan Producten C. Soepados saja terang, coöperatie-coöperatie waoe koela serat kados ing ngandap poenika.

*a.* Dist. K. a.

1. Coöp. Karanganjar — Verb.; 2. Sedya Madjoe Pagebangan — Crid.; 3. Mardi Ardjaning tani. Djatiloehoer — Product.; 4. Sedya Madjoe Karanggajam — Crid.; 5. doesoen Pakoewon — Crid.;

*b.* District Pedjagoan: 1. Setya Saoedara Petanahan — Verb.; 2. Pangoedi Hardja Klirong — Verb.; 3. Sedya Slamet Kebadongan — Crid.; 4. Mardi Rahardja Adikarta — Verb.; 5. Sedya Basoeki Glonggong — Crid.; 6. Coöperatie Saboen: koembah. Padaoerip.

*c.* Dist. Gombong:

1. Mardi Arta Santosa — Crid.; 2. Amardi Gemi — Crid.? 3. Coöp. B. Bers — Crid.; 4. Coöp. S. S. — Crid.; 5. Coöp. Oppassers — Crid.; sadaja doemoenoeng ing kita Gombong; 6. Aroem Boeajan — Crid.; 7. Angoedi Gemi Poetjang — Verb.

*d.* Dist. Poering:

1. Mardi Oetama. Wadjasari — Verb.; 2. Dajasaraja kita Poering — Verb. (sampoen nggadahi tjab. wonten Koewarasan). 3. Sedya Hardja Sitiadi — Verb.

Sadaja goenggoeng kempal, wonten 22 coöperatie. Ta, poenapa ngoetjiwani? rak boten, ta? Coöperatie-coöperatie waoe ingkang wangoen: Cridiet = 10; Product. = 2, déné ingkang 10 — Verbruik. — Mangka kedjawi poenika, koela mireng kabar ingkang tjeta, bilih wonten sadèrèk ingkang taksih badé ndamel malih. — moegi kasembadanana! Déné coöperatie-coöperatie waoe, ingkang katah, kaadanan ing *sadèrèk goeroe.*

Margi saking katahing Coöperatie ing reg. kaseboet, mila béndjing salebeting Djanoewari 1931, sadaja coöperatie, nijat badé damel pepanggihan, nedya damel: Central Coöperatie ing sareg. K. a. — moegi-moegi sageda kaboel!

Gegandéngan kalijan toekoeling coöperatie, lan oegi gegandéngan lan *pepalang-pepalang*, ingkang kasandang ing coöperatie-coöperatie, mila koela ladjeng pados tjetjepengan, kanggé ndjagèni oetawi njingkiraken pepalang waoe. Wasana noenten neda katrangan dateng kantor ingkang kénging pinitados, inggih poenika dateng: Adviseur voor Volkscridietwezen en Coöperatie ing Weltevreden. — Déné wangsoelanipoen saking Weltevreden, soepados tjeta, nedya koela tedak soengging kémawon. — Amrih boten klintoe; lan kénging kanggé mewahi géndolaning para djempolaning Coöperator:

Mekaten:

No. 1180/H. 4.

Weltevreden 5 November 1930.
Kepada jang terhormat bes. . . . . .
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
di . . . . . . . . . . (boten preloe).

Dengan hormat.

Membalas toean poenja soerat tertanggal 18 October j.b.l. goena mentjoekoepi pertanjaan-pertanjaan terseboet didalam soerat tanggal 30 September, maka saja memberitakan seperti dibawah ini:

1. Betoel Pemerintah menghendaki kemadjoean ra'iat didalam hal economie. Haloeannja ini boekannja sekarang sahadja, akan tetapi moelaï masa dahoeloe kala; mendjadi saja pertjaja, bahwa semoea wakil Pemerintah, tahoe djoega hal demikian.

2. Adapoen matjamnja coöperatie itoe banjak sekali, ta' ada bilangannja; karena segala hal jang berhoeboeng dengan keperloean hidoep manoesia, dapat diatoer dengan djalan Coöperatie. Akan tetapi kebiasaan, kita memperbedakan coöperatie dalam 3 bagian, jaïtoe:

*a.* Cridietcoöperatie, boeat memberi pindjaman atau kesempatan menjimpan oeang pada anggautanja.

*b.* verbruikscoöperatie, goena mendjoeal barang-barang keperloean sehari-hari dengan harga jang pantas pada anggautanja.

*c.* productie-coöperatie, goena menambah penghasilannja anggautanja, baik dari pertanian maoepoen pertoekangan (nijverheid) dengan djalan mendjoealkan barang-barangnja dari lid-lidnja, membelikan alat-alat atau barang² jang perloe goena memperbaiki peroesahaan lidnja. Pert. — . . . . .

3. Bersama ini saja mengirimkan tjonto-tjonto statuten boeat crediet-coöperatie dan verbruiks-coöperatie. (hingga waktoe ini, kami beloem terima). — Pert. . . . . .

4. Bedanja coöperatie dan N. V. toean dapat tahoe dari boekoe „iets over coöperatie" jang telah toean terima (moelaï katja 6). Pert. . . . .

5. Berapa banjaknja renten jang haroes dipoengoet oleh coöperatie, diserahkan pada coöperatie sendiri. (moefakatnja algemeene vergadering). Pert. . . . .

6. Boeat seorang ambtenaar, tidak ada larangan mendjadi bestuur coöperatie. Pert. . . . .

7. Bestuur coöperatie seboleh-bolehnja, haroes bekerdja dengan pertjoema, akan tetapi ta' ada keberatan, djika bestuur itoe mendapat keroegian sepantasnja. Pert. . . . .

8. Djika jang mendjadi bestuur seorang ambtenaar, djoega ta' ada keberatan djika dia dapat keroegian dari coöperatie, asal sadja bermaksoed keroegian betoel, boekan pentjaharian hasil. Pert. . . . .

9. Pembagian keoentoengan dalam coöperatie, menoeroet besar ketjilnja djasa lid pada coöperatie; misalnja didalam cridietcoöperatie, menoeroet banjaknja oeang pindjaman jang

# KABAR ING POENDI — POENDI.

### KABAR SAKING BETAWI.

Sampoen prasaben kalijan sadèrèk koela èstri *poen S.* koela kénging ngladjengaken karanganipoen bab kawontenan Betawi.

Sadèrèk koela poen *S(oetijah)* sampoen matoer menawi ing Djakarta ngriki sadèrèk Djawi mila katah, andjalari poenapa-poenapa ingkang toewoeh ing Djawi tengah gampil sanget toemoelaripoen wonten ing kita ngriki kadosta: B. O., Tamansiswa, Moehamadijah lan sanèsipoen malih, ingkang sadaja terang toekipoen wonten ing tanah Djawi tengah, oetawi jèn tjara Betawi ngriki *dari Djawa* (amargi tijang Betawi boten ngaken tijang Djawi, ngakenipoen *Orang Selam* oetawi *Orang Betawi*, sarta tijang ndjawi kita ingkang adat boten saged tjara Mlajoe kaseboet *orang oedik*, ingkang soeraosipoen kirang langkoeng sami kalijan *wong désa!!).*

Sinten ingkang mramoegarèni ada-ada saking Djawi tengah waoe? Boten lija inggih sadèrèk Djawi pijambak, oepami: Wongsodihardja l. s. s.

Mila papanipoen tijang Djawi wonten Betawi poenika mèmper Tiong Hoa wonten ing Djawi tengah. Jèn miskin wonten kampoeng dados wadanan, jèn ingkang garang wonten margi saged *noempang*, tegesipoen: saged njèwa taxi, njéwa tram 1e klas lss. ingkang tijang Betawi pijambak awis nglinggihi.

Pinten katahing student Djawi, laré èstri Djawi ingkang adjeg vrijbiljèt 1e klas tram perloe sekolah, pinten katahing prijantoen Djawi ingkang njéwa grija mèmper-mèmper, tjepeng damel pangkat inggil lss.? nanging inggih katah sedèrèk Djawi dateng Betawi perloe bebara, pados teda, dados koeli, djongos, baboe, oepas, bakoel, koki, looper, kondèktoer, sadé kartjis oepas plajangan lan terkadang kepeksa gesang sanget nista. Lan inggih kantja alit poenika ingkang gesang ing kampoeng, dados wadanan si *Djawa-penakoet, Djawa pemadatan*, kesoepèn jèn ingkang madani waoe mangké jèn njopiri taksi dipoentoempangi „toean" ingkang toenggil asal kalijan ingkang mentas dipoenwadani waoe . . . . Lan sapitoeroetipoen, plek sami kalijan joe-Setra ingkang ngrotjok sedèrèk Tiong Hoa mindring, let sak-djam pangkat njamboet damel dateng ndara-Bah-gedé Tan Giok Sing . . . . Lan sapitoeroetipoen.

Déné tijang Betawi pijambak peng-penganipoen dados sopir taxi (montoripoen pijambak, grès mentas mindring saking G. M. 6 cylinder!), dados barbier oetawi dagang. Botenipoen saged njepeng tiga poenika inggih trimah dados djongos, looper, toekang tjoetji, maroeng.

Wonten kantor semoenipoen boten djenak, senengipoen jèn saged kerep ngébahaken badan lan *merdika*, boten kerèh. „Ah, paling énak merdeka dong,—nggak ada jang peksa.!" makaten tjloeloekipoen barbier ingkang bikak pijambak, ingkang boten ngantèk, ingkang sawoelan pamedalipoen watawis 50 - 70 roepijah; (2e klas; 1e klas barbier 70 - 130 roepijah; 3e klas, 30 - 50 roepijah, alijas barbier *di bawah pohon).*

Poenapa njata tijang Betawi boten saged tjara sanèsipoen kedjawi tjara Mlajoe?

Njata! lengganan koela barbier tjarijos makaten: „Doeloe saja djoega adjar bitjara Soenda, tetapi soesah, nggak karoean si! lantas goea inggalken aadje (lantas saja tinggalkan sadja)!" Dados tjeta tijang waoe wegah sinaoe Soenda, tjarijosipoen: nggak karoean!

***

Menawi djam 5 - 6 sonten, poen sopir Amin sampoen mawi pitji aloes panganggé setlikan, sandalan, njopiri Studebaker 6 cylinder, ingkang palinggihanipoen dipoenlèmèkii baboed, dasar montor dalah banipoen taksih énggal, . . . wonten margi angler kados boten ngambah siti, lokipoen barbier *di bawah pohon* oetawi Sjamsijah, anak toekang tjoetji, ingkang oemoer watawis 14 taoen: „Itoe nda, orang oentoeng! . . . *poenika idéaal tjara Betawi:* taksih enèm, tjakrak, njopiri montor saé, ageng, énggal, gadahanipoen pijambak... itoe nda, radja...

Oetawi:

poen barbier Hasim, inggih taksih enèm, bikak barbier pijambak, pinggir margi ageng, toko resik, prabot compleet, sarwa énggal, laris, kemédja petak memplak, ventilator moeded, lemantoen katja pating glebjar, lampoe electrisch mompjor, sawoelan boten pedjah f 130; itoe dia, orang oentoeng nda . . . poen Sjamsijah waoe soemerep, ladjeng ndjawili mak-ipoen: „mak, mak, . . . . *itoe!"* (ing salebeting temboeng *itoe* ngrikoe isi raos katah lan warni², mak-ipoen inggih tampi!)

Kosok-wangsoelipoen:

Dados pojokan jèn bang Amat taksih dados *barbier di bawah pohon*, nggak ngerti mazazi (masage, pidjet), nggak ngerti manikier( manicuur), ah, idoep sengsara itoe dik! lebi-lebi kalo wektoe oedjan . . . ."

***

Nginggil poenika caricatuur sawatawis ingkang ngéngingi panggaotan lan actie. Ngandap poenika gambaripoen actie-actie ing kalangan nasijonal.

Sasampoenipoen kita nliti kawontenan toko, tontonan lan pamoelangan saha panggaotan, mangga sami mandjing ing kalanganing pakempalan-pakempalan nasijonal. Lah, inggih ingriki poeseripoen sadaja ada nasijonal, déné gongipoen B.O.

Margi saking poenapa?

Margi B. O. poenika ngleneng, nanging njamboet-damelipoen ndasar, ngantos gadah zetel wonten gemeenteraad 2. Pasoendan: 2; Kaoem Betawi 1; Sarékat Soematra, Celebes, Ambon, zetelipoen wonten G. R. njatoenggal.

Ingriki tjeta prebawanipoen sadèrèk Djawi Tengah wonten ing Djakarta boten alit.

Inggih B. O. ingkang dados séndénjanipoen actie Taman-Siswa lan Mohamadijah.

Kala sadèrèk *S* mlebet ing stand ringgit tijang ing Pasar Gambir, gembira manahipoen, soemerep sanadyan stand waoe apes entreenipoen f 0.50, meksa kebak, lan sampoen naté nolak tijang.

Makaten oegi jèn pinoedjoe wonten pakempalan nasijonal tjampoeran, ingrikoe inggih tjeta kandelipoen pandemèn Djawi Tengah wonten ing kitanipoen Jan Pieterszoon-Coen! Sadèrèk Djawi manéka-néka panganggénipoen: tjara Solo, Djokja, Indonesia alias koeploekan, oetawi tjara Europa, nanging boten kénging katjolong: swantenipoen sadaja ampang, tanda Djawi!

Ingriki dados tetimbanganipoen pepojokan ing kampoeng: Djawa pemadatan *lan* Djawa penakoet! nanging wonten ing sadajaning klas lan bagéaning maatschapij ojod Djawi sampoen sentosa, lebet lan kijat! Bab poenika kantja kampoeng Betawi radi kesamaran, kesoepèn jèn tijang Djawi wonten Djakarta boten namoeng troetoekan pados sekoel sapoeloekan, nanging pepak ing sedajaning pérangan maskapé, moeloek doemoegi ingkang inggil lan koewaos pisan ingkang pèn oetawi toetoekipoen saged ngojagaken sapéranganing gesang sesarengan!

Commies, student, dokter, Mr., Ir., journalist, lan goeroe ingkang Djawi ing Djakarta boten kirang, lan sadaja poenika bobotipoen wonten ing maskapé sakelangkoeng awrat.

Sedèrèk kampoeng Betawi *kesoepèn* bilih mèh sadaja ada ingkang mobah ing kalangan nasijonal, apes temtoe wonten tijang Djawi satoenggal toemoet toemandang.

Lah, ingkang aloes-aloes lan remit-remit, nanging ingkang prebawanipoen nggegirisi poenika sedèrèk kampoeng ing Betawi: kesamaran Ingkang dipoenngertosi namoeng tanganipoen Djawi ingkang kesrakat, kesobékan gesangipoen, lan kepara nista. Inggih *poenika* prijantoen, djalaranipoen nama „Djawi" asring „adji godong djati aking" wonten ing gesang sarawoengan Betawi.

Nanging jèn dipoenpriksa ing klasing maskapé ingkang kepara tengahan lan nginggil, o, djeboel „pentol Djawi" taksih awis reginipoen, botenipoen kaseboet „koewasa"!

Dados: para sadèrèk Djawi ingkang sampoen lan badé wonten Betawi sampoen kagèt jèn asring mireng temboeng ingkang radi *langoe*, kosok-wangsoelipoen sampoen goemoen jèn tampi pakoermatan ingkang asring langkoeng saking „satengah doewoer" oetawi „kepara loebèr." Namoeng poenika atoer koela.

PATRICIUS.

telah dikembalikan (disaoer), karena jang mendatangkan keoentoengan itoe lid-lid jang pindjam; dalam verbruikscoöperatie, menoeroet besar ketjilnja pembelian pada coöperatie, karena jang memberi oentoeng itoe hanja lid jang beli pada coöperatie; dalam productie-coöperatie, menoeroet banjaknja barang jang dimasoekkan coöperatie boeat didjoealkan, enz. — Pert. . . . .

10. 25% dari keoentoengan jang boeat reserve, tidak boleh boeat fonds kematian atau studiefonds, haroes disimpan diebang atau dipergoenakan didalam peroesahaannja coöperatie sendiri. — Pert. . . . .

11. Coöperatie jang soedah diakoe sebagai rechtspersoon oleh Negeri, artinja itoe coöperatie mempoenjaï hak-hak dan koeadjiban-koeadjiban sebagai orang biasa. Djika beloem diakoe, artinja beloem disjahkan, mendjadi oempama akan menjimpan oeang pada Postspaarbank, haroes dengan namanja salah satoe lid, tidak boleh dengan namanja coöperatie; begitoe djoega djika akan membeli roemah a.au sebagainja. Adapoen coöperatie itoe tidak *dimoestikan* soepaja mintak disjahkan sebagai rechtspersoon, hal itoe tergantoeng pada coöperatie sendiri. — Pert. . . . .

12. Coöperatie meskipoen beloem disjahkan sebagai rechtspersoon, dikenakan padjak vennootschap. — Pert. . . . .

13. Boleh, asal sadja diseboetkan dalam statuten. Tetapi boeat credietcoöperatie, itoe baiknja tidak memindjamkan pada orang jang boekan lid. — Pert. . . . .

14. Tiap-tiap lid, hanja mempoenjaï 1 soeara, mendjadi tidak mendjadi tidak pandang banjaknja aandeel. — Pert. . . . .

15. Tidak ada larangan soeatoe apa dari Negeri, tentang pendirian coöperatie sematjam loemboeng desa. — Pert. . . . .

16. Saja rasa tidak ada ambtenaar akan merintangi coöperatie. Ambtenaar B. B. itoe diwadjibkan mendjaga keselamatan oemoem, mendjadi soedah tentoe haroes mengetahoei segala hal-hal jang kedjadian didalam djadjahannja.

Akan tetapi djika betoel ada ambtenaar jang merintangi, (artinja melarang atau menghalang-halangi pendirian coöperatie) maka soedah tentoe, jang dirintangi itoe boleh melapoerkan pada Chefnja itoe ambtenaar (Gouverneur, resident, regent). — Pert. . . . .

17. Hal ini, tergantoeng pada jang wadjib sendiri. — Pert. . . . .

18. Boeat mengadakan vergadering coöperatie (selainnja openbaar atau openlucht) tidak perloe memakai idin. — Pert.

19. Coöperatie ta' mempoenjaï hak *mendatangkan* ambtenaar coöperatie; akan tetapi djika ada permintaan dari salah satoe orang atau badan pada kami boeat mengirim ambtenaar, seboleh-bolehnja djoega akan ditjoekoepi, akan tetapi mengingat djoega kepentingannja hal jang akan dibitjarakan. Adapoen bejanja, Negeri sendiri jang pikoel. — Pert. . . . .

20. Model-model kasboek dan boekoe-boekoe lainnja bagi verbruikscoöperatie, baroe dikerdjakan dan akan ditjetak. — Pert.....

21. Tentang toezicht dan controle, toean dapat tahoe dalam boekoe „Iets over coöperatie" (blz. 14, 15 en 16).

22. Tentang pendirian centraal ta' dapat diterangkan dengan seboeah kata, akan tetapi dengan pendek, maksoednja centraal itoe perserikatan jang lid-lidnja terdjadi dari perserikatan djoega. Adapoen bestuurnja dari itoe centraal, dipilih djoega dari perserikatan-perserikatan sendiri —. Pert . . . . —.

23. Hal ini haroes mentjari perhoeboengan dengan dagang besar (groothandel atau inporteur) di kota besar, dan bestuurnja coöperatie haroes mentjari ketrangan dari nama-namanja firma, oempama: *cigaret* pada firma A, goela pada B, dan sebagainja. — Pertnj. . . . —.

24. Soerat-menjoerat pada kami, beloem diizinkan „vrij van port" mendjadi haroes pakai postzegel setjoekoepnja.

De wd. Adviseur voor
Volkscredietwezen en Coöperatie.

Makaten wangsoelanipoen saking ingkang wadjib. — Déné prakawis pitakénan, koela atoeri nggatoekaken lan wangsoelanipoen. Djer oepami kaserata, masti ngebak-ebaki papan. Éwasamanten, manawi perloe, béndjing kasoesoelaken!

Rèhning, Pemeréntah, tjeta, boten badé ngganggoe prakawis poenika, mandar njondongi sanget; mila mangga para sadèrèk, toemoenten sami toemandanga tjékat-tjéket; sampoen ngantos kaendé-endé, lan sampoen ngantos namoeng rembaaaaag kémawon; toemandang ingkang perloe: „Sedikit bitjara, banjak kerdja, dan banjak boeahnja."

Bebasan: „tidak tjepet, tentoe tidak dapet."

koela *J. S. B.*

# SEKOLAHAN.

## KONGGRÈS-ONDERWIJS-BOEDI OETAMA.

*Ngemohi Herordeningsplan.*

Manggèn ing Habi Praja, Soerakarta kala 25, 26 Désèmber '30. Angrembag Herordeningsplan. Pangarsa R. A. A. Koesoema Oetaja. Konggres poenika dados gitanipoen para agoeng lan tetijang limrah. Ingkang ngrawoehi kala 25 Désèmber, K. G. P. A. A. Mangkoenegara, goepernoer Soerakarta, Oetoesan Inlandsche Zaken tw. van der Plas, wakil departement O.E. Rama Superior, lss. Daloenipoen ingkang kaping kalih oegi dipoendjenengi wakil Inlandsche Zaken saha Departement O.E. Wakil pers pepak, kalebet oegi Sw. Tm., Soeara Katholiek.

*Konggrès 25 Désèmber.*
*Openingsrede.*

Konggrès angoermati pepedjah margi Merapi. Pangarsa mratélakaken bilih papantjasan ingkang awawaton sentiment, oet. raos, poenika boten namoeng pinanggih ing djagad Indonesiers. Sanadjan ing kalangan Éropah inggih wonten. Ing dalem H. I. O. C. katah prakawis-prakawis ingkang panimbangipoen namoeng awawaton sentiment. Malih, kadosta oetjapipoen dr. Wolf wonten parepatan Vaderlandsche Club nembé poenika, ingkang gadah rembag soepados onderwijs kanggé tetijang ngriki boten soesah inggil-inggil. Tjekap manawi namoeng kawontenaken sakolahan tjalon toekang alit, tatanèn alit, lss. ingkang sarwa alit. Sekolahan ingkang inggil wontena Nederland kémawon. Dr. Wolf anjamèkaken (intelectueele) overproductie kalijan pabrik sepatoe Nederland: ingkang nganggé kawon katah kalijan sepatoe wedalan ngrikoe. Mila ladjeng tirah-tirah. Semanten oegi kawontenanipoen laré-laré wedalan H.I.S. ingkang medal saking ngrikoe kekatahen, ingkang migoenakaken boten katah, mila ladjeng bandjir tijang nganggoer. Toer sepatoe wedalan Indonesia boten njamèni wedalan Nederland.

Pangarsa goemoen: manawi temen-temen wonten overproductie kénging poenapa teroes kémawon anggènipoen andatengaken sepatoe saking Nederland?

H. I. O. C. sampoen kabibaraken. Pandamelanipoen kapasrahaken ing werkcomite ingkang kinten-kinten ing akiripoen woelan poenika badé damel poetoesan. Angèngeti bilih katah rembag-rembag ing dalem H. I. O. C. ingkang awawaton sentiment, pamedar sabda R. A. A. Koesoema Oetaja ingkang oegi dados warga werkcomite boten poeroen toemoet nanda tangani poetoesanipoen werkcomite waoe.

*Oetoesan Dep. O. E.* medar sabda mahjakaken poepoedji wiloedjenging konggrès, saha anglahiraken departement O. E. sanget migatosaken rembag-rembagipoen konggrès. Djer onderwijs poenika factor ageng kanggé adjenging bangsa lan tanah ngriki.

Radèn Wadana Dwidjaséwaja, lid Raad Kawoela, amedaraken kawontenan-kawontenan ingkang wonten sasambetanipoen kalijan adegipoen H. I. O. C.

Manoet begrooting saben taoenipoen H. I. S. lan Schakelschool poenika dipoenindaki goegoengipoen 12. Dados 12 poenika namoeng ingkang saking paréntah. Lan kawontenan makaten poenika toemindak doemoegi taoen 1924. Nanging wiwit taoen 1925, wonten kawontenan boten saleresipoen.

Ing taoen 1925 H. I. S. namoeng wewah 4 Schakelschool 7, mangka padatan H.I.S. wewah 10, Schakelschool 2.

Taoen 1926, H.I.S. dipoenwewahi 4, Schakelschool 9. Sampoen mesti kémawon prakawis poenika dados rembag ing Raad Kawoela. Taoen 1927, H. I. S. dipoenwewahi 6, Schakelschool 7. Taoen 1928 H.I.S. 5 Schakelschool 7. Taoen 1929. H.I.S. wewah 6, sanèsipoen Schakelschool.

Kala 22 Juni 1927, warga Raad Kawoela t. Meyer Rannef (voorzitter Volks Raad sapoenika), sesorah gandèng kalijan prekawis onderwijs, sarta njarijosaken bilih 80% nipoen tijang ingkang kaboetjal dateng Digoel, poenika seserepan sami inggilipoen kalijan H. I. S. sarta wontenipoen anjarengi mradjakipoen H.I.S. ing dalem wekdal 12 taoen. Sosorahipoen t. Meyer Rannef, andjalari regeering andapoek H.I.O.C.

Taoen 1928, tw. Colijn dateng Indonesia, sarta ladjeng ngedalaken boekoe, mawi anggepok onderwijs ingkang wosipoen sami kalijan pamanggih-pamanggih ingkang kawrat ing palapoeran H. I. O. C. Mangka kala semanten H. I. O. C. dèrèng ngedalaken palapoeran. Éwasamanten saged sami.

Taoen 1929, Djéndral Swart, tilas Vice President R. v. I. oegi dateng Indonesia. Manoet pamanggihipoen wonten Bat. Nieuwblad, onderwijs ing ngriki poenika wohipoen boten saé. Mila boten soesah ngawontenaken komisi barang, prajogi teroes kabibrah kémawon, kagantos énggal satjekapipoen.

Makaten poenika kawontenan-kawontenan ingkang sasambetan H. I.O.C. lan Herordeningsplan.

Saladjengipoen pamedar sabda mratélakaken boten tjotjogipoen kalijan Nieuwenhys-stelsel (Schakelschool).

Gagandéngan kalijan overproductie, pamedar sabda goemoen déné H.I.S. kok wonten overproductie. Ingkang wonten overproductie poenika mestinipoen rak ing Vakscholen. Manawi K. E. wonten ing djagad pandamelan mlorod reginipoen poenika mratandani tanah ngriki tijangipoen sampoen katah ingkang nglangkoengi K. E. Mila manawi tijang anetepaken wonten overproductie ing H. I. S. poenika kanggé dadasar anjoeda basa Walandi kanggé bangsa kita. Kita kedah ngoedi sagedipoen H.I.S. sami kalijan E.L.S.

Manawi kamanah-manah, (onderbouw) 3 taoen, basa Walandi kaanggé leervak, poenika sami kalijan sataoen, nanging basa Walandi voertaal. Mila, 3 taoen onderbouw basa Walandi leervak lan 4 taoen bovenbouw poenika sami kalijan 5 taoen mawi voertaal Walandi, ateges sami kalijan Schakelschool. Ingkang makaten poenika nama boten njaèkaken. Lan, poenapa inggih regeering ladjeng saged ngawontenaken Schakelklas ingkang njekapi kanggé laré ingkang 1% nipoen kémawon wonten 1% nipoen 300.000.

Wasana pamedar sabda boten moefakati herordeningsplan.

*Pamanggihipoen P. G. H. B.*

Sadèrèk Soemitra oetoesan Verbondsbestuur P. G. H. B. (gadah warga 15.000). mratélakaken bilih poetoesan konggrès P.G.H.B. taoen 1926, notjogi lijeran sakolahan dateng locale raden. Nanging manawi ladjeng katindakaken sapoenika, poenika boten matoek.

Margi ing ngriki taksih wonten kawontenan loear biasa, i. p. gandèng kalijan anggènipoen tanah ngriki dados tanah djadjahan, P. G. H. B. kepeksa ngadjengi H. I. S. Nanging saoepami, kawontenan loear biasa poenika itjal, sakala poenika oegi pamedar sabda damel poetoesan boten angadjengi H. I. S. Awit, ingkang dados gagajoehanipoen, sakolahan-sakolahan poenika kedah adadasar Wétanan.

Angèngeti kabetahanipoen pasrawoengan Indonesia, Indonesia kedah gadah meester, dokter, dagang, goeroe, tani, bestuur, econoom lss. Poenika waoe kedah dipoentjekapi sarana onderwijs. Lan poenika ingkang pantjènipoen kedah dados gagajoehanipoen herordeningsplan.

Pamedar sabda boten moedeng déné onderbouw kaanggé 3 taoen.

Idam-idamanipoen P. G. H. B. rèhné wonten Westersch lager Onderwijs 7 taoen, inggih kedah wonten Oostersch lager Onderwijs (— kadjengipoen sakolahan angka kalih, standaardschool —) ingkang laminipoen 7 taoen, mawi dipoensoedijani Vakschool ingkang saé lan njekapi. Kadjawi poenika inggih anggajoeh dateng wontenipoen sakolahan inggil ingkang adadasar Wétanan.

*Pamanggihipoen Ki Hadjar Déwantara.*

Ki Hadjar Déwantara, angenggèni anggènipoen wonten sadjawining rangkah, boten ngemohi lan inggih boten ngadjengi dateng herordeningsplan. Kapratélakaken bilih prakawis alit-alit poenika boten perloe kamanah, ingkang kedah kapentingaken langkoeng roemijin dasaripoen. Tétéla sanget bilih onderwijs sapoenika poenika katoedjokaken mangilèn, dados boten kaoekoer kalijan kawontenan Indonesia. Poenika kénging kasamèkaken tijang ngriki nganggé rasoekan kandel sanget loengsoeranipoen Jan Pieter Zoon Coen, amila ladjeng kedobrohan. Rasoekan waoe saben-saben dipoenéwahi dipoentambal dipoendjitet. Mila pamedar sabda bingah sanget déné Mr. Schrieke poeroen angéwahi rasoekan waoe adadasar realiteit, adadasar kawontenan Wétan. Dados rasoekan waoe sapoenika sampoen abadé loerik, nanging oekoeranipoen kémawon taksih mawi badanipoen Mr. Schrieke. Tjobèn-tjobèn poenika awon-saénipoen, ingkang andamel boten saged nanggel. Nanging ingkang kalebetaken Mr. Schrieke wonten herordeningsplan waoe adasar kawontenan-kawontenan njata. Mila (principieel) Ki Hadjar matoek dateng herordeningsplan.

Ki Hadjar mrajogèkaken soepados pamoelangan-pamoelangan laré Walandi ingriki dipoenwoelangana basa Djawi toewin Mlajoe, apes ing pamoelangan inggil dipoenwoelangana kasoesastranipoen. Manawi makaten mangké tijang ngrika saged moengel bilih laré Djawi poenika sinaoea Walandi pinten-pinten taoen boten badé saged omong basa Walandi ingkang fasèh.

Ing salebetipoen H. I. O. C. wonten tjatjad ageng, i.p. anggènipoen ngoekoer onderwijs mawi arta, mawi oekoeran djasmani. Mangka tijang poenika boten namoeng gadah wadoek kémawon.

Basa Walandi poenika, toemrap bangsa ngriki tjekap oeger kénging kanggé angengakaken gedong kawroeh Kilénan dados boten kedah laré ngriki saged omong ingkang pasèh.

Saladjengipoen Ki Hadjar mrajogèkaken soepados sadaja ingkang dados gagajoehanipoen onderwijs poenika kedah kalarasaken kalijan kaboedajaning bangsa oetawi kodrating bangsa. Tijang kedah saged anjratosi pandjanmaning djaman wingi wonten djaman samangké perloenipoen sageda angempakaken pamanggihipoen ingkang leres wonten djaman sapoenika. Sadaja adating bangsa ingkang boten saé boten andjamani, kedah kaboetjal.

Dados herordeningsplan poenika nama tjobèn-tjobèn. Lan manawi praktikipoen herordeningsplan wonten ingkang saé, pamedar sabda kanti lega badé noelad kalebetaken wonten ing sakolahan Tamansiswa.

Makaten wawasanipoen Ki Hadjar Déwantara.

*Sabda Goepernoer.*

Goepernoer Soerakarta ngandikaken renaning penggalih, sarta anggènipoen sanget amigatosakan sosorahipoen Ki Hadjar Déwantara.

*Pamanggihipoen Mr. Singgih.*

Pamanggihipoen pamedar sabda noenggil misah kémawon kalijan pamanggihipoen Ki Hadjar Déwantara. Ingkang kedah dipoenprelokaken ingéwahan langkoeng roemijin poenika dasaripoen. Manawi dasaripoen onderwijs awon, bok dipoenpoenapak-poenapakaken inggih teroes abnormaal. Tijang kedah ngoedi amrih ing ngriki, boten wonten paneda ingkang wosipoen: „nèk arep mangan koedoe nganggo basa Walanda." Mr. Singgih (principieel) matoek wontenipoen Herordeningsplan.

*Pamanggihipoen R. Sasrasoeganda.*

R. Sasrasoeganda, oetoesan H. B. Mohamad Dijah, sasampoenipoen amewahi pamanggih-pamanggih sawatawis, (principieel) moepakat Herordeningsplan.

***

*Poetoesan Konggrès.*

Djoemoewah sonten parepatan oemoem, angoemoemaken poetoesan besloten vergadering dinten Djemoewah sijang.

Ki Hadjar Déwantara mangsoeli pitakénipoen R. Dwidjaséwaja bab bédanipoen onderwijs H. I. S. tjara sapoenika kalijan tjara Herordeningsplan. Bédanipoen oepami anggènipoen ing 3 klas pérangan ngandap boten wonten voertaal Walandi Poenika saé sanget laras kalija

## ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### KOERDANIPOEN MERAPI

**Kalijan djagad Katoelik.**

*Dadosa panggalihan.*

Koerdanipoen Merapi. Oegi damel koerdanipoen tijang goblog. Damel moeringipoen tijang tjoepet ing nalar.

Koerdanipoen Merapi! Kala mangsa prajogi, kanggé propaganda anti Kristen, anti Katoelik!

Kados-poendi terangipoen?

Tepangan koela, goeroe Moentilan, njarijosi koela wosipoen makaten:

Koerdané goenoeng Merapi andjalari wong-wong sakiwa tengené Moentilan pada saja sengit karo Katoelik. Awit, sadjroné ana lalakon goenoeng Merapi ngetokaké lahar nganti gawé papati pirang-pirang atoes, ana pawarta soemebar jèn sing marakaké moering-moeringé Merapi koewi pastoeran Moentilan. Wong-wong goblog pada ngarani Merapi nepsoe banget karo pastoeran. Awit nalika pastoeran arep diadegaké, ndadak ndjoepoek watoe-watoe kakasihé njai rara Kidoel kang ana ing kali-kaliné Merapi. Kadjaba koewi, dèk semana toewan-toewan Pastoer pada ngèker goenoeng maoe, sarta soemoeroep barang kantjana (siwoer: golèk?) doewèké njai rara Kidoel. Barang-barang iki maoe noeli didjoepoek digawa menjang pastoeran. Marga sing mangkono maoe, saiki njai rara Kidoel nepsoe banget karo pastoeran sarta nedya ditoempes. Lan kalakon saiki Merapi metoe laharé arep anggempoer pastoeran Moentilan.

Kaanan mangkéné iki, andjalari wong-wong kang pada keplajoe saka Doekoen lan désa lija-lijané angèl banget gelemé dioengsèkaké ana ing pastoeran. nDilalahé, kok ja mentas ana lelakon sing marakaké saja ngandelé wong-wong maoe marang pawarta ing doewoer. Dèk samana pastoeran Moentilan olèh tilpoen saka resident Magelang. Wosé moendoet pitoeloengané pastoeran, gelema dadi pangoengsèné wong koerang loewih sèwoe limang atoes. Pastoeran njagoehi. Wedana Moentilan bandjoer olèh dawoeh ngoengsèkaké wong-wong menjang pastoeran.

Kanti rekasa banget prijaji pangrèh pradja anggoné amboedidaja bisané wong-wong gelem ngoengsi ing panggonané moengsoehé Merapi. Nganti wadana ing kono ngandikani: „Akoe iki rak wedanamoe ta? Mangsa hija akoe bakal ngloropaké kowé!"

Soewéning-soewé sanadjan kanti rekasa banget, wong-wong pada gelem.

Katjarita dèk samana boepati Magelang rawoeh. Bokmanawa waé doeroeng dingandikani resident. Awit, ingkang boepati maoe bandjoer waé andawoehi wong-wong soepaja ngoengsi menjang pasar Moentilan. Mesti waé, rindik asoe digitik. Wong-wong maoe pada reboet ngarep, oejel-oejelan. Mèh kabèh pada moering-moering, awit roemangsa diloropaké. Ana sing kawetoe temboengé: „Wongndara boepati mangsa kekilapana. Mesti ngertos apa-apa. Moelané ajo gelis! Wong, kéné sing arep ditoempes djeboel ndikakaké ngoengsi mréné. Ora genah ané. Nijat ngloropaké!" Malah ana sing moering-moering banget marga anaké kasingsal.

Pirsa wong-wongé pada boebar ora karoe-karoewan maoe, wedana Moentilan katon sekel panggalihé . . . .

Makaten tjarijosipoen satoenggilipoen tepangan koela goeroe Moentilan. Sampoen mesti kémawon kawontenan makaten poenika, saja mantepaken manahipoen tetijang ingkang pitados bilih ingkang dipoenkoerdani Merapi poenika pastoeran Moentilan. Lan, toemrapipoen tijang ingkang sengit dateng Katoelik, kawontenan makaten waoe *kaleresan sanget*. Awit ladjeng kénging kanggé dedamel *ngobong* manahipoen tijang waoe, saja *sengit*, saja geting kalijan oemat lan Agami Katoelik.

Malah, kala salebetipoen liboeran Désèmber poenika, kalanipoen koela dateng Soerakarta, mireng saking prijantoen ingkang pantes kaendel, bilih wontening pawartos makaten poenika kabaripoen asal saking pandamelipoen satoenggilipoen tijang ingkang njatroe Katoelik.

Manawi temen makaten, patrap poenika patrapipoen tijang djirih. Tindakipoen tijang roetjah. Poenapa poenika ingkang asring kanamakaken mitenah poenika? Terlaloe!

Rékanipoen makaten badé damel pedjahing mengsah. Boten mangertosa manawi tjara asor makaten poenika, damel *pedjahipoen* bangsanipoen pijambak. Saja ngandelaken raosipoen dateng *goegon toehon*. Mangka goegon toehon poenika boten ngadjengaken bangsa. Malah ngoendoeraken ngantos pitoeng bedahat tebihipoen.

Hem, mesakaken temen bangsa kita. Anggènipoen saben-saben dipoenrisakaken, dipoenloropaken bangsa sanès lan bangsanipoen pijambak. Sinten ingkang badé atoetoeloeng?

Koela kèngetan! Ing Kitab Hoekoem, artikel 171 ngatjek-atjeki tetijang ingkang *anjebar pawartos dora kanti kasengadja, ngantos damel kekes miris oet. koewatosing* tijang katah. Tijang ingkang makaten waoe saged kapatrapan paoekoeman ngantos sataoen oetawi kadenda katah-katahipoen tigang atoes roepijah.

Kanggé preloening oemoem, poenapa prijantoen pangrèh pradja ing Moentilan oetawi Magelang boten saged ngoeroes sinten ingkang ambibiti njebar pawartos goroh poenika? Manawi kepanggih, ladjeng dipoenkendalèni kémawon mawi art. 171. Malah boten namoeng artikel poenika kémawon. Artikel 156 lan sanèsipoen malih, bokmanawi inggih kénging dipoenempakaken.

Kumuningsaselé 28 Dec. '30,

Taklim: *Patjar Mérah.*

## CORRESPONDENTIE:

Red. Sanget matoer noewoen dateng para mendjoeroeng karangan.

K.W. ing Salatiga, Adm. sampoen tampi postwissel lan briefkaart pandjenengan. Matoer noewoen!

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA — Telf. 252
BANDOENG — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
**SWARA TAMA,**
dengan bawa lembaran Swara Tama
**dapat POTONGAN.**

**BYTA**

Inggih poenika barang tjoewèr, pirantos kanggé ngitjali tjèt, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp.
Oegi kênging kanggé ngresiki djobin marmer, djobin semèn lan djobin tégel.
Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoenkoembah.
**Saben 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35.**
**Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta mawi toetoep sekroep, netto 125 K. G., ing 1 K. G. mipoen . . . . . . . . . f 0,30.**
**Oeliran kanggé drum waoe saben 1 f 1.—**

**Verffabriek R. B. FRIELING.**
GONDHOMANAN 80 DJOKJA.

Boeat toean poenja

**Recept²**

ERCEE

APOTHEKEN
**Rathkamp & Co**
**MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.**

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda-speda merk:**

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E. N. R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

kodratipoen laré. Pamérang 3 taoen — 4 taoen, poenika manoet praktikipoen Taman Siswa, pantjèn saé. (Taman Siswa nindakaken pérangan Taman Laré (Kindertuin) 3 taoen, saminipoen jèn ing Herordeningsplan onderbouw 3 taoen.

Sareng boten wonten ingkang miterang, ladjeng anggijaraken poetoesan B.O. boten moepakat kalijan Herordeningsplan awawaton: 1e. Herordeningsplan boten anggantos dadasaripoen onderwijs kanggé bangsa Indonesia, langkoeng² pamoelangan andap, mawi tatales kaboedajan Indonesia; 2e. Herordeningsplan, nitik kawontenanipoen boten nama njaèkaken pangadjaran andap kanggé Indonesiers. Kedjawi poenika oegi tétéla gladipoen bilih Herordeningsplan badé ngirangi H. I. S., mangka indakipoen H. I. S. leresipoen kedah boten dipoenpepagoli.

# OERAP-SARI

## KABAR KATOELIK.

### Riaja 25 Dèsèmber lan pergerakan Katoelik. Ing tanah Kedjawèn.

Ngajogjakarta, Klatèn, Soerakarta! Tigang panggénan poenika, anggènipoen miwaha dinten Wijosan Dalem, kadjawi mawi lampah ngibadah, sarana ngawontenaken tetingalan tonil, ingkang dipoendatengi tijang boten sakedik. Toemrap Ngajogjakarta, sanadjan mawi bajaran, ingkang ningali katah sanget. Ing kita ngriki ingkang dados pemainipoen, sami laré-laré moerid. Ing Klatèn, lan Soerakarta, *goeroe-goeroe*. Makaten oegi ing Wedi dipoenwontenaken ringgitan; dalangipoen sdr. Sadiran ing Moentilan, wedalan cursus Habiranda. Ngidjon boten poeroen kantoen, malah mawi arak-arakan poenapa.

Kala mangsa, Wandawa Katoelik poenika pantjèn kedah kasenengsenengaken sarana tetingalan Katoelik. Awit tétéla gesangipoen wonten djagad *djasmani* kirang kasenengan tinimbang para sadèrèkipoen ingkang boten Katoelik. Koela gadah pangadjeng-adjeng, béndjing taoen ngadjeng, manawi Ngajogjakarta miwaha Wijosan Dalem mawi tonil malih, sageda ngangkah tanpa mawi bajaran. Manawi ngawontenaken tonil mawi bajaran, koela prajogèkaken soepados wonten ing wekdal sanès, dados boten wonten ing Kerstmis.

Ing Ngajogjakarta sampoen gadah pakempalan tonil. Lan oemoeripoen *langkoeng sepoeh* tinimbang Tooneelclub Klatèn toewin Soerakarta. Koela poepoedji, moegi Tooneelclub Ngajogja waoe sampoen kedangon anggènipoen saré. Énggala goemarégah, noetoeti aboeripoen Soerakarta. Awit tétéla pakempalan tonil kita, manawi poeroen toemandang, badé saged angisi kasing pakempalanipoen pijambak lan pakempalan Katoelik sanèsipoen. Oegi saged damel koentjaranipoen djagad Katolik. Kadosta: sapoenika wonten kasangsaran-Merapi. Tooneelclub kita saged toemandang (kalijan pakempalan sanès) ngoepadosaken darma. (Ing Soerakarta, pamireng koela, tooneelclubipoen kadang Katoelik badé njamboetdamel sasarengan kalijan pakempalan sanès golongan, perloe ngoepados darma sarana ngawontenaken tetingalan).

Sadèrèk! Djamanipoen sampoen boten dojan tijang *kebloek*, demen toeroe. Kita kedah melèk, tengèn, *toemandang* ing damel. Kanggé djagad kita, ingkang wekdal samangké pantes katiroe aksinipoen. Kadang Katoelik ing Soerakarta. Tétéla sanget kadang ngriki sami keket soepeket, anèm sepoeh, ngandap nginggil sami toemandang sareng. Para anèm sami dipoenbombong manahipoen déning ingkang kaprenah sepoeh, soepados gadah aksi ingkang mikantoeki dateng pergerakan Katoelik. Ingkang sepoeh sami ngamping-ampingi. Satemah andajani goemregoeting tandang Katoelik ing Soerakarta.

Malah wonten ingkang soewaoenipoen tansah saré kasoer, boten gadah mobah poenapa-poenapa, sareng wonten Soerakarta, kambon hawa pergerakan Katoelik Soerakarta, ladjeng djenggirat tangi, ngedalaken katijasanipoen, tandangipoen dateng pergerakan boten poeroen kawon kalijan ingkang nèm.

Lan, . . . . *Klatèn*, . . . semoenipoen wiwit goemarégah, kambon hawa saking Soerakarta. Kadang Katoelik Klatèn, . . . . . in actie. Teroes!

Toemrap Ngajogjakarta, tinimbang taoen ingkang sampoen², roemaos koela kados moendoer sadjangkah. Poenapa katerak aloen bosen, poenapa margi kirang soepeket, poenapa mergi kinemoelan mendoeng, poenapa margi panoentoen-panoentoen ingkang sapoenika kekatahen pandamelan, poenapa margi kadospoendi, koela boten mangertos. Éwadéné koela tanggel, manawi poeroen matak adjinipoen, sakedap kémawon mesti badé nglantjangi ingkang sampoen wonten ngadjeng.

Poenika wawasan koela, toemrap pergerakan Katoelik ing tanah Kedjawèn, ingkang toewoeh margi wiwahan 25 Dèsèmber kapengker poenika.

Taksih wonten inkang kalangkoengan. Koela tjatet ing ngriki, dadosa pèpèngetipoen para moeda Katoelik lan pakempalan Moeda Katoelik ing Ngajogjakarta. Kala 25 Dèsèmber poenika, ingkang andèrèk Mis Soetji djam 12 daloe ing Grédja Kidoel Lodji katah sanget, ngantos baloedag doemoegi taroep sangadjeng Grédja sami linggih dingklik. Mripat koela pijambak soemerep, ing taroep sangadjeng Grédja waoe, wonten nénéman ingkang tingkahipoen boten pantes. Salebetipoen Mis Soetji, sami godjèg, goejon, begidjigan, ingkang ngantos langkah saking limrah, . . . ngrégoni kiwa tengenipoen. Malah kanti tandoek koerang adjar, néneman waoe wonten ingkang tjengéngésan nirokaken tijang tampi Panoenggal Soetji. Soemerep makaten poenika poenapa kita ladjeng boten kèngetan tijang ingkang sok moengel: „Wong Katoelik ora ngerti tata?" Sadèrèk! Sampoen dipoenkaping kalih! Pandjenengan kalebet golongan laré pangadjaran (sanginggil H. I. S.), pantes njoekani toelada dateng tetijang Katoelik limrah. Sampoen damel tjoewanipoen kadang sepoeh! Sampoen anglorodaken daradjad pandjenengan pijambak!

### 25 December ing Keboemèn.

*La jèn makaten!*

Kala 25 December 1930 poenika ing Km. wonten Koerban Mis Soetji.

Sontenipoen (malem 26-12-30). kadang Kath. Wl., Djw. (namoeng sakedik) lan sinjo-sinjo sarta noni-noni lan oegi sinjo saha noni Djw., semoenipoen poenika ingkang kaprelokaken, dipoenbibingah wonten ing galerij tengah ing dalem Assistent-Resident-an dipoensoegata sapantesipoen.

Tangkepipoen K. T. A. R. saha garwanipoen saking pamawas ingatasipoen dateng sakoela, wah dédé sababagipoen dradjad wonten ing donja, ngresepaken.

Sasampoening rampoeng kapreloeanipoen, laré-laré (Wl.-Djw.) sami dipoendoemi boekoe, gambar, tanda salib lan sekar gendis (suikertjes). Ingkang boten ambekta anak (poetra) inggih boten tampi.

Daloe poenika Rama M. de Lange saking Pwr. oegi andjenengi.

Poen toemoet bingah. 27-12-30.
*Pak. S. C. D.*

**Noot.** Pasamoean Soetji mila boten mbédakaken warnining koelit. *Red.*

R. I. P.

Ngatoeri oeninga bilih:

M. CECILIA ATMAPAWIRA,

kala 30 December '30, kapoendoet Ingkang Maha Koewasa. Genging panoewoen koela dateng pandjenenganipoen Rama HAGDORN, pakempalan ST. MELANIA saha PANGOEKTI-LAJA ing Ngajogjakarta, toemrap sadaja pitoeloenganipoen ingkang toemandoek dateng rohani lan djasmanipoen M. Cecilia waoe. Kedjawi poenika koela ngatoeraken panoewoen koela dateng para ingkang sampoen ngoentabaken doemoegi ing koeboer.

31-12-'30. Brajat: *SASTRA-DWIDJA.*

# KABAR OEMOEM

## INDONESIA.

### Koerdanipoen Merapi.

*Sapinten kapitoenanipoen.*

Salebetipoen pinten-pinten dinten, Merapi tansah angalami lalampahan: menda, — koemat — menda — koemat. Nitik kawontenanipoen samangké, katah mendanipoen.

Koela boten perloe njarijosaken kawontenanipoen redi Merapi kalajan tlesih, andjlimat wonten Sw. T, djer ngriki pantjèn kirang moenggoeh.

Ingkang bakoe, ilèn-ilèn lahar (bentèr 1350 grad) saking Merapi medal lèpèn Blongkèng, Batang lan Krasak. Wonten nginggil ilèn-ilèn waoe sempal-sempal wonten ingkang ngener Doekoen, ngambah Gedjoekan, Podjok lss., poenika ingkang andjalari kasangsaran ageng. Doesoen-doesoen sanginggil Sroemboeng, sarta Doekoen, sami risak. Sroemboeng lan Doekoen sampoen soewoeng. Tetijang Moentilan, margi koewatosipoen pijambak, katah ingkang ngili, lan ngrikoe dados papan pangoengsèn (redi alit sakidoel Moentilan). Tetijang ingkang ngili ambaloedag doemoegi Ngajogjakarta, sami katjadong teda saking nagari, kawontenanipoen saklangkoeng ngeres-eresi. Pastoeran Moentilan ajem kémawon, awit manoet pratélanipoen prijantoen bestuur, Moentilan boten moetawatosi (semanten waoe manawi lèpèn Lamat boten kilénan Lahar). Wonten doesoen nama Kenting lan Kentong kinoebeng lahar, mangka tijangipoen dèrèng saged késah. Nanging tetijangipoen saged kapitoeloengan medal lahar ingkang sampoen radi asrep.

Menawi terang, sapoenika katingal poetjakipoen redi Merapi krowak. Ilining lahar wates Kilèn sapoenika kinten-kinten nglangkoengi Gemblok (tjaket lèpèn Krasak), Tegallantjar, Kradénan, Djeléan, Grandingan, Germa, Dadapan, Wates, Kedajan. Sisih nginggil, sawétanipoen doesoen-doesoen poenika (wates Lèr: lèpèn Pabélan, sisih Kidoel lèpèn Krasak) sampoen soewoeng sadaja.

Ingkang karisakan ageng bawah a.w. Doekoen lan Sroemboeng. Redi Merapi samangké gadah bawah énggal. Tjatjahipoen majit ingkang kapendem kirang langkoeng 1.300: Ing doesoen 20, wonten grija kobong 850, ambroek 530 woewoeng. Radjakaja pedjah 2500, sarta wonten sabin langkoeng saking 2600 baoe risak. Kapitoenèn 250.000—350.000 roepijah.

Tetijang ingkang sampoen sami boten gadah grija, bokmanawi badé kaelih dateng Lampoeng oetawi Besoeki.

Kala Setoe, Ingkang Witjaksana mriksani papan waoe saking montor maboer. Sri Maha Radja Poetri paring darma f 5.000, Semeroefonds 25.000. Nederland béla soengkawa, Parepatan Tweede Kamer Slasa minggoe kapengker ngoermati tetijang ingkang pedjah margi Merapi, sarta para warga sami ngadeg, kadjawi warga kominis t. De Visser, Sri Maha Radja Poetri saha Poetri Emma paring tilgram béla soengkawa. Djerman inggih toemoet béla soesah. — Tijang ingkang ngoengsi langkoeng saking 40.000 wonten Sawangan Magelang, Salam, Tèmpèl, Medari, Ngajogjakarta.

### Merapifonds.

Ing Nederland dipoendegaken komité kanggé madosaken darma, tjalon kanggé mitoeloengi tetijang ingkang kasangsaran margi koerdanipoen Merapi. Semanten oegi ing Betawi inggih dipoenwonteni centraal Comité poenika gadah tjabang pinten-pinten.

Angèngeti dateng agenging kasangsaran, kita wadjib tetoeloeng. Mangga pakempalan-pakempalan sociaal Katoelik, sami toemandang ing damel, Tooneel-club, sampoen sami wéja. Ing bab poenika sdr. Katoelik boten kênging kantoen!

Lan kita *Administratie Sw. T. inggih sagah nampi arta kaanggé kasangsaran Merapi, ingkang badé koela tjatet ing Sw. T. sarta sasampoenipoen nglempak badé koela lantaraken dateng komité. Para lengganan Sw. T. mangga, sami kintoen darma sakadaripoen loemantar Administratie.*